

Baz Sekirite Tibebe



**SAFE
K:DS**
WORLDWIDE®

Èske w te konnen, an mwayèn gen plis pase 1,600 timoun piti ak tibebe ki gen mwens pase 2 lane ki mouri akòz yon chòk moun ka evite chak ane nan peyi Etazini? Selon estimasyon yo, genyen 27,616 ki entène lopital epi gen plis pase 600,000 yo resevwa nan sal ijans yo. Chòk pa aksidan nan tranch laj sa a se yon gwo pwoblèm, men moun kapab evite yo.

Tout paran konnen tibebe yo renmen eksplòre, atrape bagay, woule epi kilbite. Sa fè pati lavi yon tibebe, epi se egzakteman konsa sa ta dwe ye. **Men, gen kèk ti bagay ou kapab fè pou w ede pitit ou a evite pran chòk ki grav **lè l lakay**, **lè l ap jwe** ak **lè l ap deplase**.**

Nou espere gid sa a ap rann bagay yo fasil pou ou.



Somèy San Danje pou Tibebe



- 1 Mete tibebe yo **kouche sou do** pou yo kabicha epi leswa jiskaske yo gen yon (1) lane.

Asire w tibebe yo dòmi sou yon sifas ki fèm epi ki plat nan pwòp bèso, krèch oswa pak pa yo.

- 2 Chwazi yon matla ki fèm ak yon dra ki byen ajiste pou bèso, krèch oswa pak tibebe a.

Retire jwèt, lenn, zòrye, bòdi pwoteksyon ak lòt akseswa yo.

- 3 Mete tibebe a nan yon lenn oswa mete yon pijama ki konfòtab sou li.

Yon lenn ki lach kapab bloke respirasyon tibebe a oswa fè kò li twò cho pandan l ap dòmi.



- 4 Pataje chanm ou, men pa pataje kabann ou.

Mete bèso, krèch oswa pak tibebe a nan chanm ou olye ou kite li dòmi nan menm kabann avèk ou.

- 5 Suiv enstriksyon fabrikan an pou w kapab monte krèch la, bèso a oswa pak la.

Asire w ranpli epi soumèt kat anrejistremman pwodui a pou w ka konnen lè yo rantre yo oswa pou w jwenn dènye enfòmasyon sou sekirite.



Dlo ak Beny

Sekirite



- Siveye timoun yo lè yo nan dlo oswa lè yo toupre dlo.

Kenbe tibebe ak timoun piti yo nan yon distans kote men yon granmoun ka rive lè y ap benyen.

- Asire w genyen tout bagay ou bezwen pou beny lan anvan w mete pitit ou a nan benwa a.

Pran sèvyèt, rad, savon ak jwèt yo anvan w kòmanse benyen pitit ou a yon fason pou w pa oblije kite l poukont li.

- Anvan w mete pitit ou a nan benwa a, verifye tanperati dlo a avèk ponyèt ou.

Dlo a ta dwe tyèd lè w touche l, li pa ta dwe cho.

- Fèmen kouvèti yo ak pòt yo.

Kite kouvèti twalèt yo ak pòt saldeben yo epi sal kote w fè lesiv yo fèmen lè w ap itilize yo.

Prevansyon

Anpwazonnman



- Konsève **pwodui menaje yo** kote timoun pa ka pran ak wè yo.



Timoun piti yo kapab wè ak rive nan bagay ki anba evye yo fasil. Konsève pwodui netwayaj yo, detèjan yo, dezenfektan pou men ak pwodui swen pèsònèl yo kote yo pa kapab pran yo oswa fèmen amwa yo ak kle.

- Konsève pwodui menaje yo nan bwat orijinal yo epi li etikèt ki sou yo a.

Itilize epi konsève pwodui yo selon enstriksyon ki sou etikèt pwodui yo.

- Anrejistre nimewo Èd pou Moun ki Pran nan Pwazon an sou telefòn ou epi mete l yon kote ki fasil pou moun wè nan kay la: 1-800-222-1222.

Espesyalis nan sant kontwòl pwazon yo bay konsèy medikal ki gratis ak konfidansyèl 24 sou 24. Yo kapab reponn kesyon epi bay kout men lè gen ijans ki gen pou wè ak pwazon.

- Mete tout **medikaman yo** kote timoun pa ka pran ak wè yo, menm medikaman w pran chak jou yo.



Timoun yo souvan mete men sou medikaman ak vitamin yo lè yo mete yo kote yo ka pran yo, tankou nan valiz, sou tabdenwi oswa sou kontwa.

- Itilize yon kalandriye pou w ka sonje ki lè pou w bay pitit ou a medikaman.

Lè se lòt moun k ap bay pitit ou a medikaman, ekri enstriksyon klè ki di ki medikaman pou yo bay, ki valè pou yo bay ak ki lè pou yo bay li.

- Pa bliye timoun yo kapab toujou louvri anbalaj ki difisil pou yo louvri yo.

Kidonk, ranje medikaman yo chak fwa ou fin itilize yo, menm si w oblije bay yon lòt dòz apre kèk èdtan.



Prevansyon

Etoufman

Manje ki won tankou òtdòg, rezen ak baton fwomaj yo kapab bloke respirasyon yon tibebe fasil. Koupe manje sa yo an longè, an moso ki mwens pase yon demi (1/2) pous.



Manje

- **Koupe manje pou timoun piti yo fè yo fè ti moso, ki pa depase yon demi (1/2) pous.** Kwit manje ki di yo tankou kawòt pou w rann li fasil pou l moulèn.
- **Evite manje ki di oswa ki lakòl yo tankou sirèt ki di, nwa, machmalo oswa pòpkòn.** Bere pen an ak ti kouch manba fen olye w mete yon touf manba.

Jwèt, Ti Pyès ak Leman

- **Separe jwèt yo selon laj epi konsève ti pyès yo ak pyès jwèt yo kote timoun piti pa ka pran yo.** Jwèt ki fèt pou timoun ki pi gran yo ka reprezante yon danje pou ti frè/sè ki fouyapòt yo.
- **Panse ak laj epi devlopman tibebe w la lè w ap achte yon jwèt.** Li enstriksyon yo ak etikèt ki bay avètisman yo pou w asire w li apwopriye pou pitit ou a.
- **Mete ti leman yo byen lwen pou timoun yo pa jwenn yo.** Sa gen ladan l leman ou jwenn nan jwèt konstriksyon yo, jwèt timoun yo, jwèt biwo pou granmoun ki fèt pou soulaje estrès ak leman frijidè yo.



Lè yon timoun vale yon pil mont, krache li deklannche yon kouran elektrik ki fè li gen yon brili chimik nan ezofaj li.

Pil Mont

- **Konsève ti aparèy elektwonik ki pran pil mont yo kote timoun pa ka pran yo.** Sa gen ladan l ti telekòmann yo, pòtkle yo, bouji san flanm yo, kèk jwèt, kat ve oswa liv ki gen mizik yo. Konsève pil mont ki p ap sèvi yo kote timoun pa ka pran yo.
- **Si yon timoun vale yon pil mont, ale nan ijans lan avèk li san pèdi tan.** Pa kite timoun nan manje ni bwè anyen epi pa fè l vomi.

Jwe San Danje



- Kreye yon espas ki san danje pou tibebe yo jwe. Lè moman jwe a rive, mete w nan wotè timoun ou an pou w ka wè chanm yo jan li wè yo a.
- Retire ti bagay tankou pyès jwèt ak pyès monnen yo epi mete yo kote timoun pa ka pran ak wè yo.
- Deplase kòd ak fil yo, san wete sila yo ki mare nan jalouzi fenèt yo, mete yo kote timoun piti w la pa kapab pran yo.
- Verifye ansyen ak nouvo jwèt yo regilyèman pou wè si yo andomaje epi si yo gen ti moso k ap sot tonbe.
- Anrejistre tout pwodui ki fèt pou timoun jwe lakay yo lè w achte yo. Si w ap itilize pwodui dezyèm men, verifye pou wè si yo pa t antre yo.
- Rete okouran pou w konnen lè gen pwodui yo rantre. Ale sou www.safekids.org/recalls pou w jwenn plis enfòmasyon sou jwèt ak pwodui pou timoun yo rantre.





Fason pou Evite So ak Ranvèsman Televizyon/Mèb

1

Voye je sou timoun yo lè yo toupre balkon ak fenèt yo.

Twil nan fenèt yo pa ase solid pou sipòte pwa yon tibebe, kidonk enstale pwoteksyon oswa arèt fenèt pou anpeche tibebe a pran so. Konnen fason pou w louvri fenèt la sizoka ta gen ijans.

2

Asire w mèb ki bankal yo ak televizyon yo byen tache.

Itilize sipò oswa lanyè pou w byen mare mèb ki bankal oswa ki lou yo nan mi an pou yo pa baskile. Monte televizyon ekran plat yo nan mi an epi mete gwo televizyon ki sanble ak bwat yo sou yon mèb ki ba epi ki estab.



3

Fason pou evite so yo.

Kite tibebe yo tache lè yo sou chèz ki wo, nan bagay pou pote tibebe, balansin, ak pousèt. Rete toupre tibebe w la lè l sou sifas ki wo tankou kabann, kanape, oswa tab pou chanje rad sou tibebe.

4


Itilize baryè sekirite anwo ak anba tout eskalye yo.

Li enstriksyon fabrikan an ak etikèt ki bay avètisman yo pou asire w genyen baryè ki apwopriye pou bezwen w yo.

Sekirite Ozalantou Pisin



- Enstale kloti ozalantou pisin kay yo. Kloti yo ta dwe antoure tout kote nan pisin nan epi yo ta dwe omwen gen yon wotè kat (4) pye epi yon pòt ki ka fèmen epi take poukont li.
- Vide benwa, bokit, resipyan ak pisin timoun yo tousuit apre w fin itilize yo. Konsève yo tèt anba pou yo pa pran dlo.
- Konnen sa pou w fè nan yon sitiyasyon ijans epi aprann fè resisitasyon kè ak poumon (CPR).





Pasaje ki Timoun

Sekirite

1

Chwazi syèj machin ki apwopriye pou pitit ou a. Etikèt ki sou syèj machin pou timoun nan ap pèmèt ou konnen si se syèj ki apwopriye pou laj, pwa, wotè ak nivo devlopman pitit ou a.



2

Ou ta dwe mete tout tibebe ak timoun piti nan yon syèj machin pou timoun ki bay fas dèyè otank posib, jiskaske yo rive nan pwa oswa wotè fabrikan syèj machin nan otorize. Pifò syèj ki dekapotab yo genyen limit ki ap pèmèt timoun yo chita fas dèyè pandan de (2) lane oswa plis.



3

Suiv enstriksyon yo pou w ka itilize ak enstale syèj machin pitit ou a. Fè sa yo di sou etikèt syèj machin pou timoun nan epi pran san w pou li manyèl la. Itilize Dènye Gid Safe Kids Worldwide sou Syèj Machin pou Timoun anliy lan (www.safekids.org/guide) pou w jwenn èd selon laj ak pwa pitit ou a.



Sekirite nan Machin yo ak Ozalantou yo



- Pa janm kite pitit ou a nan yon machin poukont li, menm pou yon minit paske chalè anndan machin nan ka touye l.

Machin yo kapab chofe rive nan nivo ki danjere byen rapid, menm jou solèy la pa twò cho yo, epi menm lè w desann yon vit sa p ap chanje anyen.

- Mete bagay ki pou fè w sonje lè w ap kondi avèk yon timoun ki chita dèyè yon fason pou w pa bliye si li la.

Mete yon bagay tankou yon valiz oswa yon telefòn bòkote pitit ou a w ap bezwen lè w rive kote w prale a. Sa sitou enpòtan si abitud ou chanje.

- Kite pòt ak kòf machin yo fèmen ak kle epi mete pòtkle yo kote li pa ka pran yo.

Menm timoun ki gen ant 2 ak 3 lane yo monte pafwa nan machin ak kòf ki gen pòt yo ouvè pou yo jwe, men yo pa toujou kapab soti.

- Aji. Si w wè yon timoun poukont li nan yon machin, rele 911.

Pèsonèl ijans yo vle pou w rele yo. Yo resevwa fòmasyon pou yo fè entèvansyon nan sityasyon sa yo.



Enfòmasyon pou Pran Kontak lè gen ljan

Lapolis, Ponpye oswa Anbilans: **9-1-1**

Nimewo Èd pou Moun ki Pran nan Pwazon: **1-800-222-1222**

Doktè: _____

Manm Fanmi: _____

Manm Fanmi: _____

Zanmi/Vwazen: _____

Resous ki Itil

SAFE KIDS WORLDWIDE

Pou w jwenn konsèy sou fason pou w pwoteje timoun yo epi pou w jwenn yon kowalisyon lokal ki toupre w, ale sou www.safekids.org.

DÈNYE GID SAFE KIDS SOU SYÈJ MACHIN POU TIMOUN

Ale sou www.safekids.org/guide pou w jwenn konsèy ak videyo sou fason pou w enstale syèj machin pou timoun ak syèj ki ka wose yo.

SUIVI LWA SAFE KIDS

Pou w jwenn lwa sou sekirite ak pwoteksyon timoun nan chak Eta, ale sou www.safekids.org/state-law-tracker.

LAKWA WOUJ AMERIKÈN

Pou w enskri nan kou sou premye swen, resisitasyon kè ak poumon, natasyon oswa sekirite nan dlo, ale sou www.redcross.org/take-a-class.

JUVENILE PRODUCTS

MANUFACTURERS ASSOCIATION

Ale sou <https://www.jpma.org/page/parents> pou w jwenn moun ede w chwazi pi bon pwodui tibebe pou fanmi ou.

SYÈJ MACHIN POU TIMOUN YO RANTRE

Ale sou <https://www.nhtsa.gov/recalls> oswa telechaje aplikasyon "SaferCar" NHTSA a

PWODUI YO RANTRE

Enskri pou w jwenn alèt sou pwodui timoun yo rantre yo nan lyen sa a <https://go.pardot.com/l/957122/2021-12-21/yfl>



**SAFE
KIDS**
WORLDWIDE®